ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№182 (22.090) ● 2011 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 29, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●КъБР-м и Правительствэм

Административнэ къуаншагъэхэмкIэ кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэм щылажьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и 4.4 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа законопроектыр. А документыр ягъэхьэрыныжмкIэ щхьэусыгъуэ хъуащ мы статьям къыгъэувкIэр Урысей Федерацэм и Конституцэм и статья зыбжанэм зэремытэгъуар.

КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхугъэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ядалэжьэныжмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Джамбулат зэрыжIаIамкIэ, сдин Iуэхухэм хашIэн папщIэ щIыхьэхэм зэрыкIэрыхьыжьэм» теухуаеу КъБР-м Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и статья 4.4-м итхэр Урысей Федерацэм и Конституцэм и 28 статьям дэтхэнэ зы цIыхуми «дин, къинэмыщI фIэщхьныгъэ иIэну, ахэр зэIущIыIу ищIыну, абыхэм кьагъэувэм тетыну» иIэ хуитныгъэм теухуауэ къыгъэувэхэм зыкIи езэгъыркъым. АтIэми, диныр пхыгъэкIыныр, дин фIэщхьупхыгъэм зегъэузбгъэныну Урысей Федерацэм хабзэм тету щылажьэ дэтхэнэ зы дин зэгухьэныгъэми и мурад нэхъыщхьэщ, дин Iуэхум пыщIа апхуэдэ лжьыгъэр ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ Европей судми хабзэм къезэгъыу кьиныгащ.

Апхуэдэу кьыхэсэщIапхэщ, Урысей Федерацэм и Конституцэм и 55 статьям и Iыхьэ 2-м къызэригъэувыжмкIэ, цIыхум, гражданиным и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэмрэ зыгъэмащIэ законхэр ди къэралым кьыщыдгъэхьIну зэрыхуимытыр.

А щIыкIэм тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым, 2003 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м №66-рэ-м щIэту къащтам, и 4.4 статьяр Урысей Федерацэм и Конституцэм кьыщыгъэлъэгъуа мардэхэм зэрыдагъэзэгъыжьым я фIыщIэмкIэ, щIыхьэм и хуитныгъэхэр зыгъэмащIэ Iуэхуэхэр мы кодексым хэлъыжьыкIым.

Мазэ къэс ахъшэ хущIагъэ

КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэм къыщащтащ «СССР-м щIыхь зиIэ и донор», «Урысейм щIыхь зиIэ и донор» дамыгъэхэр зрата щIыхуэхэм социальнэ дэIныкъуныгъэ къаухъэгъэпэщыным теухуауэ» унафэ.

Республикэм лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Бакъ Николай зэрыжIамкIэ, «ЛIыымрэ абы и пкъыгъуэхэмрэ ехъэлIа донор Iуэхум теухуауэ» Урысей Федерацэм и Законым кьигъэув мардэхэм тету, мы зэманым зыхуэфащэхэм нлъэс кэс ахъшэ пыухыкIа ират. «Иджыпсту ар сом 9972-рэ мэхъу икIи апхуэдизэ ахъшэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIу 1017-м яIэрохъэ. Нэхъ апэкIэ а ахъшэр квартал кьэс тегуэшауэ я зыгъэтащ, иджы донорхэм кьыхуэщIагъэ ахъшэр мазэ кьэс иратынущ», - кьыхигъэщхьэхуэIащ Бакъ Николай.

КъБР-м узынщагъэр хъумэныжмкIэ и министр Амщокъуэ ФатIимэт кьигъэлъэгъуащ донор Iуэхум щIыхуэхэр трагъэгушхуэну, зэпымыууэ лъы зытхэм я бжыгъэм кIэрамыгъэхуну, лъымрэ абы и пкъыгъуэхэмкIэ медицинэ Iуэхуэщ IапIэхэр къызэрагъэпэщыну къаэрыпэщытым, апхуэдэу лым и хасэм зэрыхэхъуэм кьыхэкIыу зэпымыууэ лы зыт донорхэм хуэхъ ахъшэм хэпIъэжьыну къаэрыпэщытыр.

ДяпкIэ донор лжьыгъэм нэхъ жьыдэру хэтхэм лыуэ миллилитрим 100-м пэкIуэу сомэ 120-рэ, ионимунэр донорхэм лыуэ миллиграммэ 100-м пэкIуэу сом 240-рэ иратынущ. А щIыкIэм тету лым пэкIуэ ахъшэр ику иту хуэди 2-3-кIэ нэхъыбэ ящI.

ГъущI гъуэгу транспортым игъуэт хэщIыныгъэм щыщ Iыхьэ хуапшныж

ГъущI гъуэгу транспортым и Iуэхущапи Iэхэм къаIэрымыхьэу кьаиу хэхъуэм щыщ Iыхьэ хуапшныжкIи папщIэ федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мин 1112,4-рэ кьыхуатIыщынущ. Апхуэдэу республикэм и Правительствэм и зэIущIэм щыжиIащ КъБР-м транспортымкIэ и министрым и къуэдзэ Къудей Арсен.

Мы субсидиехэр КъБР-м и бюджетым хуэхъ псоми кьагъэсэбэп гъущI гъуэгу транспортым щыщу кьаIэ щIыбхэм щызекIуэхэм кьаракIухьын папщIэ курыт щIныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм щIэсхэм, Iэщlагъэхэм щыхурагъаджэ папщIдзэ, курыт Iуэхущапlэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэм гъуэгуущIэхэмкIэ льготэхэр зэрыхуагъэувам кьыхэкIыу гъущI гъуэгу транспортым и Iуэхущапlэхэм кьаIэрымыхьэу кьаиу хэхъуэм щыщ Iыхьэ хуапшныжкIи папщIэ. Федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу а мурадхэм трагъэкIуэдэн ахъшэ кьратын щхьэкIэ КъБР-м и Правительствэм зэгурыIуэныгъэхэр ярищIыпlэн хуейщ ГъущI гъуэгу транспортымкIэ федеральнэ агентствэмрэ «Кьалэ щIыбхэм кIуэ Кавказ Ищхьэрэ пассажир компание» ОАО-мрэ. А зэгурыIуэныгъэхэм я проектхэр Правительствэм и зэIущIэм хэтахэм даIыгъащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэр.

●Темыркъан Юрэ и фестиваль

Макъамэм и махуэшхуэ

Налшык дэт киноконцерт гъалъэгъуапIэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Темыркъан Юрэ и щIыхькIэ къызэрагъэпэща симфоник музыкэмкIэ Iэпэ дунейпсо фестиваль, «TemirkanovFest» зыфIаща зэхыхьэшхуэм и жэрдэмщIакIуэщ Юсуповым и дунейпсо фондыр, УФ-мрэ КъБР-мрэ Щэнхабзэмкlэ я министерствэхэр и дэIепыкIуэгъуэу. Фестивалым кьыхъащ УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Авдеев Александр кьыбгъэдэкI хуэхъу телеграммэ.

КОМПОЗИТОР ХьэIупэ Джэбрэил кьыззэхуэсахэм ягу кьигъэкIыжащ езы Темыркъан Юрэ кьызэригъэпэщащэ Санкт-Петербург илъэсищI льандэрэ «Гъуэзджэм и утыку» зыфIища макъамэ фестиваль зэрыщенIуэкIыр, абы дуней псом кьыщацIыху музыкант цIэрыIуэхэр зэрыхэтыр. Апхуэдэуи жиIащ дирижер гъуэзджэр кьыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым мы фестивалыр егъэкIуэкIыныр хабзэ дахэ щыхьуну псори зэрыщыгугъыр.

Программэ кьыдей икIи гъэщIэгъуэн утыкум кьрихьащ КъэбэрдейБалъкъэр къэрал филармонием камернэ музыкэмкIэ и «Камерата» ансамблым (и художественнэ унафэщIыр КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Темыркъан Петрщ). Пэрселл Генри и «Рондо»-м и уэкIэ зэIущIэм щыIуащ Бах Иоганн и «Бранденбургский концерт №52»-р. Ар ягъэззэщIащ Растеряев Игорь (скрипкэ), Лисицкая Ольгэ (флейтэ), Нестеренко Ольгэ (рояль) сымэ. Сыт щыгъуи хуэдэу теплъафIэт икIи и макъыр гуэкIуэт КъШР-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артистхэ Шэрджэс Iэсият. Абы жиIащ Пуччини и «Джанни Скикки» оперэм хэт Лауреттэ и ариер, ХьэIупэ Джэбрэил и «Хьэдэжэб лирикэ эрэдзэ» циклым щыщ «Кьыжей», сыт щIэ сщIэнур» уэрэдыр, Растеряев Игорь еуэ Iэсият игъэззэщIэн щхьэкIэ итха «Гитара» (псалъэхэр Лоркэ Гарсие ейщ) псоманиер. Дунейпсо зэхьэзэхуэхэм я лауреат Гуаэз Тимур пшыхьым кьрихьэлIа-хэмэ яжриIащ Свиридов Георгий и «Слободская лирика» циклым щыщ «Кьыжей», сыт уэрэдиплI. Iэгуаущхуэ хуаIэтащ Кьущхьэ Аслъэн, Крейслер Фриц и «Радость любви» вальсымрэ Дебюсси Клод и «Лунный свет» сонатэмрэ зыгъэззэщIам. Концертыр зэхуащIыжащ джаз жыпхъэм ит «Попробуем на пять» (Дезмонд Пол) композициэмкIэ.

Фестивалым кьэкIуащ ди къэралым и гуп нэхъыжь дыдэхэм ящыщ, Минеральные Воды кьалэм и къэрал филармонием и академическэ симфоние оркестрыр, 1895 гъэм кьыззэрагъэпэщар. Оркестрым и дирижеру щытащ Санкт-Петербург щыщ Гугкаев Заурбэч. Концерт программэр кьызэIуахащ Моцарт и «Похищение из сераля» оперэм и увертюрэкIэ. Абы кьыкIэлыкIыуэ ягъэззэщIащ арфэмрэ оркестрымрэ щхьэкIэ классикэ жыпхъэм иту Гранжани Марсель итха ариер. Аущ, Чайковский Петр и Етхуанэ симфониер, цIыхум и щыIэныгъэр зыхильагъуэм теухуауэ композиторым иIэ гупсысэхэр лъабжьэ зыхуэхъуар, пщыхьащхьэм и курыхьэу щытащ, жыпIэкIэ ущIыуэнукъым.

Фестивалыр идкыбри иухакьым. Ар зэхуэзэщIыкIэ концертым (щыщIэнумкIэ хьыбар дагъэщIэнущ) кьэкIуэнущ Осетие Ищхьэрэмрэ Адыгеймрэ я артистхэр.

ИСТЭПАН Залинэ.

ФIыщIэ псалъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Къэзахстаным кьикIыу иджыблагъэ фIыщIэ тхьылъ кьыIэрыхьащ. Абы итщ:

«ПщIэ зыхуэсщI Арсен Башир и къуэ!

«Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я «Iуащхьэмахуэ» лъэпкъ щэнхабзэ зэгухьэныгъэм» и правленэм фIыщIэ кьыпхуещI мы зэгухьэныгъэм и унафэщI, ар кьыззэгъэпэща Байрамкуловэ Марие ди адэжь щIыналъэм гуапэу зэрыщыгъэбгъэлъэгъам папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэс 90 зэрырикъур щагъэльапIэм сэ абы хьэщIэу сыхэтащ икIи си нэгу щIэкIащ республикэм и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ икъукIэ зэрызаужьар. А ехъуIэныгъэхэр псом япэу си фIыщIэр цIыхубэрщ, лъэпкъхэм яку зэгурыIуэныгъэ зэрыдэлъырщ, мы щIыналъэ телъыдэжьым щыпсэу дэтхэнэ зы лъэпкъми пщIэ зэрыхуащIырщ. А псори уэ махуэ кьэс цIыхубэм я Iуэхур егъэфIэкIуэным уэзэрателажьэм кьыдокIуэ.

Зэман кIэщIым кьриубыдэу си адэжь щIыналъэм куэд щыслъэгъуащ, куэди кьыщызгурыIуащ сэ икIи а псоми папщIэ уэ хэхуэу фIыщIэ пхузощI. ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныжмкIэ министерствэм псори кьыщылъыта, куэд кьызэщIэзыбыдэ, республикэм и екъуIэныгъэхэм щыгъуазэ уахуэзыщI программэ тэмэм игъэхьэзыращ икIи ар нэгъэсауэ игъэзэщIащ. Ди хабзэхэр, щэнхабзэр, бзэр къэдгъэщIэрэщIэжьын папщIэ дэ Къэзахстаным Iэмал псори щыдIэщI. Мыбы щолажьэ Къэзахстаным и ЦIыхубэм я Ассамблее, Президент Назарбаев Нурсултан и пашэу.

Уи гъащIэр кIыхь хъуну, сыт хуэдэ Iуэхуми уехъулIэну, уи унафэм щIэту республикэм адэкIи зиужьыну сынохъуэхъу, пщIэ зыхуэсщI Арсен Башир и къуэ!

«Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я «Iуащхьэмахуэ» лъэпкъ щэнхабзэ зэгухьэныгъэм» и правленэм и унафэщI Байрамкуловэ Марие».

Израильр зыхуэмейр

РИА НОВОСТИ къыхьарегъащIэ IэнатIэм къызэритымкIэ, Евросоюзым и МИД-м и IэтащIэ Эштон Кэтрин щэч къытрехьэ Палестинэм дригъэкIуэкIыну щыта зэпсэльэныгъэхэр Израилым кьыгъэIурэщIэжьыну хуейр зэрыпэжым.

- Иерусалим КъуэкIыпIэм жылагъуэхэр щиухэну Израилым унафэ кьызэрищтам щэч уеГъэщI абы Палестинэм дригъэкIуэкIыну щыта зэпсэльэныгъэхэм пищажьыну хуейуэ жыхуиIэм пэж хэлъу, - жиIащ Эштон.

Гъбжьым Израилым унафэ кьиищтащ унэ 1100-рэ Иордан псым и кIуэкIэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Гило куэйм щиухуэну. Эштон Кэтрин Израильр кьыхуриджащ а унафэр икьутэжыну.

Палестинэм идэркъым а зэпсэльэныгъэхэм пищажьыну, абырэ Израилымрэ къэрал зэпэщхьэхуэ щыныжмкIэ журтхэр арэзы мыхъуауэ. Икли а тIум я къэрал гъЭнапкъэр 1967 гъэм щыIахэм тещIыхьауэ щытыпхъэу кьеГъэув. А Iуэхум ехьэлIауэ Палестинэм ООН-м щIилъэа тхылъхэм хэпIэн дыгъуэгъэ щIадзащ.

Аргуэру лъыгъажэ

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащIэ IэнатIэм къызэритымкIэ, Курыс Федерацэм и Финансхэмкlэ и министерствэм щылажьэ пор инуи итщ къэралым и унафэщIэм хэмащта унафэм тету илъэсищ бюджетыр гъэзэщIэным кьахуигъэув кьалэнхэр зэрагъэгъэкIыным.

Ар дыгъуасэ жиIащ финансхэмкIэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Силуанов Антон.

Журналистхэм я упщIэм жэуап щритым, абы кьыхуигъэщащ бюджетым игъэкIуэщI мыпкъуэн хэбгъэхъуэну зэкIэ зэрыщынагъуэр, абы кьыхэкIыуи макроэкономикэ и льныкIуэкIэ зэгъэзэхуауэ, зэпIэзэрыту бюджет мыпкъуэн елэжьын зэрыхуейр.

- Хэхъуэу кьыIэрыхьэм зимыIэтауэ, бюджетым хэщIыпнэхъыбэ тщIынкIэ Iэмал иIэкъым, - жиIащ Силуанов Антон.

Министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэм и гугъу ищIащ щIыдагъэ уасэхэри щытыкIэр щынагъуэ зыщIэжьи зэрыщыщыр, абы ет Iанэгъэ уасэ езэгъыраб гъуэхэр иIэн хуейуэ яубзыхуа пэтми. ЩIыдагъэм и уасэм ехьын щIидзэмэ, бюджет мыпкъуэ нэхъри зэрагъэзахуэн хуей хъунущ.

■Гум и дунейпсо махуэщ

■Украинэм щагъэлапIэ Бабий Яр щыхэкIыдахэм я фэеплъ махуэр. Илъэс 70 и пэкIэ фашистхэм яубыда Киев и Кьалэбгъуэм щызэтраукIуэу щытащ гъэр яща зауэлIрэ мамыру псэу цIыхуу мини 150-м щIигъу.

■ Илъэс 70 и пэкIэ Москва щызэхэтащ СССР-м, США-м, Инджылызым я лIыкIуэхэм я зэIущIэ, IэщэфащэкIэ зым адрейр кьызэригъэпэщурэ зэдэIэпыкъуным теухуауэ.

■ФокIадэм и 29 - 30-хэм Варшавэ (Польшэ) щызэхэтянущ «КъуэкIыпIэ зэдэлажьэныгъэ» Европэпсо программэм хэт къэралхэм я лIыщыкъэхэм я 2-нэ зэIущIэ.

■ФокIадэм и 29 - жэпуэгъуэм и 2-хэм Задар (Хорватие) ЮНЕСКО-м щригъэкIуэныжнущ псыщIагъ археологиемкIэ IX дунейпсо конгресс.

Дунейм и щытыкIэнур

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIыIу щIыщытынущ, хуабэу махуэм градус 21-рэ, жэщым градус 12 щыIэнущ.

Пlакlэнэр зыгъэхъэзырыр **ГЪУЩIО Зарифи.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хьэ Iухыжьыгъуэм аргъуейр мэзтэ.

Ди республикэм теухуауэ

Мы гъэм и щыщхьэIу мазэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIащ «Санкт-Петербург» и 5-нэ телеканалым «Момент истины» программэр зыгъэхьэзырыр и гупыр.

ЖУРНАЛИСТХЭМ я кьалэн нэхъыщхьэу щытар республикэм щIыхуэхэм я узынщагъэр хьумэныжмкIэ, щIэныгъэ егъэгъуэтыныжмкIэ, промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ зегъэужьыныжмкIэ зэхъуэкIыныгъэщIэу кьыщыхьуэм тепсэльыхьыныр щIащ.

«Момент истины» программэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ щытыкIэм теухуауэ игъэхьэзыра нэтынм фыщеплъ хъунущ мы сайтымкIэ: **http://www.moment-istini.ru/proqram_archiv/?vid =254**

ДЕРБИТОВ Казбек.

Нартыхур Iуахыж

●Гъавэ-2011

Мы зэманым ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Iуэхущапlэхэм нартыхуу хасам и проценти 10-р кърахьаIэжыну хуэхъуащ. Абы щыгъраращ тонн мин 30-м нэблагъэ, гектар кьэс центнер 40 нэхърэ мынэхъ мащIэ къарити. Мы илъэсым дунейм и щытыкIэм сыт хуэдэу зимыхъуэжами, мэкъумэшыщIэхэр гъавэм и щытыкIэмрэ и бэвагъымкIэ арэзыхэщ.

АХЭР ЖЫЛАПIХЪЭРЭ Iуэсыпхъэу зэхэдзауэ гъавэ хъумапIэхэм ирагъашэ. ИужькIэ гъавэр зегъэкъабзэнущ, зегъэтущыжынущ, сэкъатынщэу зэрахъумэным хуэдэу. Псом хуэмыдэу нартыхуэ хъарынэ кьыщрахьаIэж Тэрч, Май, Прохладнэ, Бахъсэн районхэм. Бгылъэ хозяйствэхэм хэтъуэр щытгувэнущ, кьуршым пэгъунэгъу щIыпIэхэр сыт щыгъуи зэрынэхъ щIыIэм кьыхэкIыну.

Къэгъэлъэгъуапхэщ ди республикэм и хозяйствэхэм, къэнэ щымыIэу, езыхэм нартыхуу жылапхъэфIэкIэ зыкъызэрагъэпэщыжьыф эрыхъуар. ЩIэныгъэлIхэм кьызэралытэмкIэ, ар псори дызыщыгуфIыкIыпхъэ екъуалIэныгъащ. Нартыхуэ гъэкIыным зезыта Iуэхущапlэхэм гъэ бдзжандырылажьэхэмрэ адэкIи хущIэкъунущ зрагъэзгъуэтыжа лъагапIэр зэрамыгугъыпщынам.

ЖылапIхъэ хэпIлъыхьахэр кьэгъэкIыныр зи кьалэн нэхъыщхьэу щыт мэкъумэш Iуэхущапlэхэм ди республикэм и мызакъуэу, адрей щIыналъэхэми зэрадзэIэпыкъун зэфIэкI ябгъэдэлъщ. Мы зэманым ирихьэлIэу кIэрт Іофу гектар мини 9 Іуахыжащ, зы гектарым хуэзэу центнери 185-рэ кьытраxыу. Ар илъэс кIуам кьрахьаIэжам нэхърэ процент 5-кIэ нэхъыбэщ. ХадэхэкIэкмкIи хозяйствэхэм я Iуэхур нэхъ Iейкъым: гектар мин 15,5-м кьыщагъэкIахэр зэщIакъуэжащ. Абы кьытрахащ хадэхэкI зэмылIэужьыгъуэу тонн мин 300-м щIигъу.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм хэьыбар кьызэрядилъэщIамкIэ, гъавэмрэ хадэхэкIымрэ кьызытрахьыж щIыр зиII Iэу яIэ, ягъэIэщIэбэ, бжьыхьэсэ гъавэр зэрытрасэным хуэдэу. Техникэрэ дагъэтэсыныпхъэкIэ тхьэусыхафэ зиIэ мэкъумэш Iэнатlэхэм яхэтхэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр йокIуэкI.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэнIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

●Аруан куей

«Псынэ цIыкIум» и псы къабзэр

Аруан районым Псынабэ, Цыкуэд жылагъуэхэр ильэс еплIанэ хьуауэ псыкIэ кьыщыззэщIэпэщыр «Псынэ цIыку» ООО-рщ. Обществэм и кьалэныр дагъэнэщу егъэзащIэ, фIагъ зиIэ псы къабзэр цIыхуэхэм тэмэму яIэрегъэхьэ, уеблэмэ Iуэхутхьабзэм зэрызригъэубгъуну зэфIэкI бгъэдэлъщ.

ПСЫНАБЭМ и псы кIуапIэр километри 9, Псыкуэдым ейр километр 11 мэхъу. Дэтхэнэми зы сыхьэтым кьриубыдэу кубометр 40 кьыдеэшIей кьыщIэшыпIэ тIурытI кьыщагъэсэбэп. Ар жэщ-махуэм зы цIыхум тещIыхьауэ литр минитIым ноблагъэ.

«Жьы хьуа псы кIуапIэхэр зэхъуэкIын» федеральнэ программэм зэрыщыубзыхуам тету, иужькIей ильэситIым ахэр Псынабэм метр 1600-м, Псыкуэдым - 1300-м щахъуэжащ.

«Псынэ цIыкIу» ООО-м и унафэщI Шыбзыхьуэ Мухьэмэд зэрыжиIамкIэ, а жылагъуэхэм я Iэтащхьэхэм я гъусэу мы зэманым хоплъэ Псыкуэд кьуажэм зи пIалъэр икIа и кьыщIэшыпIэм и пIэкIэ щIэ ухуэным екьэлIа Iуэхум.

СОКЪУР Риммэ.

●Щlэныгъэ

Къэхутэныгъэщlэхэр утыку кърахьэ

УФ-м Егъэджныгъэмрэ щIныгъэмкIэ и министерствэм, Фундаментальнэ къэхутэныгъэхэмкIэ урысей фондым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэгъусэу кьыззрагъэпэща IV дунейпсо щIэныгъэ-техникэ конференцыр КъБКъУ-м махущIкIэ щекIуэкIащ. «Электроникэм хэт микро-нанотехнологиехэр» конференцым кьрихьэлIащ щхьэкIэ и къалэнхэхэм, Германием, Израилым кьыкIа щIэныгъэлIхэр.

КОНФЕРЕНЦIР кьыщIэзгъуэнымкIэ КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий жиIащ дяпэкIэ зэманым декIуу псэунур кьаготовэ компьютерхэмрэ роботхэмрэ я мыхьэнэр кьызыгурыIуэхэр зэрыарар.

- КъБКъУ-м микроэлектроникэмрэ компьютер технологиехэмкIэ и факультетыр зыми ещхькъым, - жиIащ ректорым. - Абы нэхъыбэу хьума щыхуащ классикэ университетхэм я лжьыгъэм и кьыщагъэсэбэп. Ар университетым и яп ректору щытам и фIыгъэкIэ, КъБКъУ-м щылажьащ зи щIэныгъэ зыща щIэныгъэлIхэр щыдэжьащ, къэхутэныгъэщIэхэм щытепсэльыхьащ КъБКъУ-м микроэлектроникэмрэ компьютер технологиехэмкIэ и факультетым и лабораторэхэм.

ЩIэныгъэм и унэтIныныгъэ 17-мкIэ IэщlагъэлIхэм ягъэхъэзыра лжьыгъэ 52-рэ утыку кьыщрахащ конференцым. Зэхуэсым кьрикIуа лжьыгъэр зэрыкупщlафIэр, щIэныгъэр зэманым лъэщIыхьэн папщIэ абы ирилажьэхэм я Iэдакъэщ Iэкlэр гъащIэм хэпщэн зэрыхуейр кьалытэу зэбгрыкIыжащ Налшык щыщэхуэса щIэныгъэлIхэр ЦIэрыIуэхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

●Гъуаздж э

Гуащэхэм я «зэхуэс»

Эльбрус къуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм кьыщызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэм курыт еджапIэм сурэтыщI гъуаздж эмкIэ и егъэджакIуэ Москалевэ Светланэ *(сурэтым)* **утыку кьыщрихьащ и Iэдакъэщlэкl гуащэ гъэщIэгъуэным 20-м щигъу.**

- СэКУЭД щIауэ си хьуэпсапIэт гъуаздж эм ехьэлIауэ сыдэзыхьэх Iэхуэгъуэрэ хэIущIыIу кьэзыщI щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэ кьыззэгъэпэщыну, - жиIэ Светланэ.

Нэхъ гугъур кьызыгъуэвдIэну унэтIныныгъэр кьыкIыжьырт, сыту жыпIэмэ егъэджакIуэм и Iэщ живопись, графикэ, прикладной гъуаздж эм Iэщlагъэжьжэр. Ауэ, кьызэрымыкIуэ гуэрым зрипщIыным ки зэрэ кьыхуикI бзылъхугъэр псысэм ухэзышэ хьэпшышхэр ищIыну тегушхуащ икIи илъэситIым и кIуэцIкIэ ищIащ гъэлъэгъуэныгъэм хигъэхьа гуащэхэр.

И лжьыгъэхэр Светланэ кьызыхищIыкI-хэри гъэщIэгъуэнщ: абы кьигъэсэбэпынкIэ мэхъу зыкIи мыщхьэпэжу кьыщIыхьэ хьэпшыпхэр. Псальэм папщIэ, тхылъымпIэм кьыхэщIыкIа псыIэфIыльэр, тхыпхъэщIыпхъэ дахэу зэIуца IуданэхэрэР, бзыхьэхуэхэр, уеблэмэ тхьэгъу, Iэльын кьутахэр. ЖыпIэнурахъэ, кьыпэIэхуэу хьуар. Зы гуащэм мазэкIэ щелэжь щыIэщ, зы тхьэмахуэм кьэзыр хьуэхэри яхэтщ. Лэжьыгъэ гугъущ Светланэ зыпэрытыр, утыку кьрихьа гуащэхэр игъэхьэзырыну и мурадхэм я Iыхьэ плIанэщ.

Москалевэ Светланэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу Iэнатlэм я таурыхьэр щыIэхуэхьэсэуэ я ягъэхьэзыр Тхылъэр егъэщIэращI. Мурадхэм щыщу XVIII лIэщIыгъуэр кьэзыгъэльагъэу гуащэхэр ищIыну, и Iэщlагъэм сабийхэр хуригъэджэну зэрригугъэр.

ДОГУЧАЕВЭ Ранетэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и пощт

Дыззрыт маззм и япэ махуэ 15-м хэрифыбдзу КъБР-м и Президентым и Интернет сайтым тхыгъэзу 162-рэ кърагъэщащ. Абыхэм ящыщу процент 32-р псэупIэм, процент 21-р псэупIэ-комунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхэбзэхэр къызэрыхуащIэм, проценти 10-р лэжьапIэ зэрамыгъэуэтым ятеуухащ. Ди псэукIэр езыгъэфIэкIуэну къалытэ Iуэхугъуэхэмрэ проект зэмылIэужьыгъуэхэмрэ проценти 10-м къыхалъхьэ, проценти 9-р егъэджэныгъэм, проценти 7-р ухышащIэр хъумэным теуухащ, проценти 6-р мыхъумыщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирохъэсыхэ, проценти 5-м КъБР-м и Президентым фIыщIэ къыхуащI.

НАЛШЫК щыщхэу Туменовэ М., Эндреевэ Ч. сымэ республикэм и Iэтащхьэм пIэлыкIэ зыкъыхуагъэзащэ щыгращ Аргудан уэрамымрэ Гипалэ и цIэр зезыхьэ уэрамымрэ тет унэхэм я пщIантIэм асфальт тралъхьэну. Мы Iуэхур зэхигъэкIыну КъБР-м и Президентым и пащ зэрыригъэлъхьам ипкъ иткIэ, Налшык къалэм окружным и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхэ Хьэгъэ Залымджэрий къытыжа жуаупхм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, мы уэрамыр капитальнэу зэгъэнэщыжыныр, абы уэсыпс-уэшхыпсым я ежэхыпIэхэр щыкъуэдиныр «2009 - 2012 гъэхэм уэрамхэмрэ гъуэгуанэмрэ егъэфIэкIуэнэр, гъэзэгуэхэм шынагъэнэщу, щыIэкIуэнэр къызэгъэпэщыныр» программэм хагъэхьащ 2012 гъэм ирагъэкIуэкIыну Налшык щыIэныгъэхэм хиубыдэу.

Ислъамэй къуажэм щыпсэу Нэхущ А. КъБР-м и Президентым и сайтым кърилъхьа тхыгъэм къыщегъэлъагъуэ а жылагъуэр зэфэн псыкIэ гугъу зэрэщытым. Ар зэхихыжьи Къанокъуэ Арсен пщэрыль щищIауэ щытащ Бахьсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн. Абы къэзэрихамкIэ, апхуэдэ ныкъусныгъэр пэж дыдэу щыIащ псы къэщIэшыпIэм щагъэувэ насосыр тэмэму зэрымылажьэм къыхэкIыу. Иджы а Iэмэпсымэр зэрарызэкIащ икIи псыр жэщми махуэми щIым къыщIащ. Тхьэусыхафэр къэзытха цIыхубзыр зыдэс хьэблэр псы щыщIэкIыркъым.

Налшык щыщ Донченкэ Е. республикэм и Iэтащхьам гу лъригъэтащ Вольнэ Аул хьэблэм маршрут таксиуэ тетхэр зэрымыщIэм, абы къыхэкIыу щIыхуэр къэувыIэпIэхэм зэрыщыкIэтрихьэм. КъБР-м и Президентым пщэрылъ зэрыщищIам тету, а тхыгъэм жэуап иритыжащ Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм. Абы зэритхымкIэ, жылагъуэ транспортыр Вольнэ Аул хьэблэм зэблэу къыхэмыкIыу щолажьэ, абыхэм графикыр къыщыгъэпэущ. Абы автобус мыкIнэр зытет маршруту тху иIэщ (№№ 5, 7, 20, 21, 27). А маршрутхэм тету махуэ къэс автобуси 117-рэ хуэдиз мэлажьэ.

Налшык дэс Джангуразовэ М. КъБР-м и Президентым мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ зыкъыкъуагъэзэ: «Самотечнэ уэрамыр тес псомэ фIыщIэ пхудощI ди уэрамымр капитальнэу зэрызэрагъэпэщыжам папщIэ. Дэ ятIэмрэ шэд инахэмрэ дызэрамагъэкIуэу илъэс кудкIэ гугъу дехьати, иджы а псори ягъэзэкIуэжащ. Ди пщIантIэхэмрэ уэрамхэмрэ къэщIэрэщIэжащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыужьыныгъэ гугъэм тету ятIонэрэ зэрыкIуатэр наIуэу къэзыгъэлъагъуэ щапхъэ пыухыкIащ».

Къущхьэ С. КъБР-м и Президентым фIыщIэ къыхуащI

Налшык къалэм и зоопаркэр зэрагъэпэщыжыну езыр зэщIалъэIуауэ щыта Iуэхур гулыситэныгъэ къызэрыкIынкъым, ауэ абы ди дежкIэ мыхьэнэ пыухыкIа иIэщ».

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

2011 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м КъБР-м и япэ президент КIуэкIуэ Валерий Мухьэмэд и къуэр илъэс 70 ирикъунут, АдыгэлI гуащIафIэр, къэрал лэжьакIуэшхэр цIыхухэм фIыуэ ельагъурт, пщIэ къыхуащIырт.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Советым и зэ гъэ зэIушIэр иджыблагъэ зэхэтащ. Абы Iуэхугъуэхым щыхэпIащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан** ящыхьлъхьэри, зэжьыхьэм япэу щыIэпкърахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым сабий зэчийфIэхэм зэрыщащэлэажьэ щыкIэр. КъБКъУм и профессор **ХъэжкIуэн Мурат** а Iуэхум теухуа пщалъэхабэ актхэм щытепсэлъыхьым къыхэлъащащ республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм абы и лъэныкъуэкIэ куэд зэрыщIигъэкIыр. КъащIэтэмэ, университетым сабий зэчийфIэхэм я лицей къыщыщIэуахащ, конференцхэмрэ олимпиадэхэмрэ ирагъэкIуэкIащ, егъэджэныгъэр щрагъэфIакIуэ центрыр мэлажьэ, ныбжьыщIэхэм я зыужьыкIэр къыщэрапльыт щыкIэр яубзыхащ. Мы Iуэхум жыджэру хэ тщ щхьэхуэу щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал Iуэхущ1апIэу 7-рэ мэнципалитетхэм ейуэ 107-рэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым еджакIуэхэм я урысейпсо Iуэгугъуэхэр къыщыщэрагъэпэщ. Апхуэдэщ школакIуэхэм физикэмкIэ я къэралпсо олимпиадэр, автомодель спортымкIэ Урысей зэпеуэр, турист-лъэхэхутэхэм я лагерыр, илъэс кърес зэхашэ щIэныгъэ конференцыр, «Дышэ блэжьыей щыкIу» сабий анимацэ киномэ и дунейпсо фестивальр, Урысейм и еханэ щIалэгъуалэ Дельфийскэ джэгуакIэ хэр, журналист ныбжьыщIэхэм я Урысейпсо телекоммуникацэ олимпиадэр, спорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ урысей, щIыналъэ зэхьэзэхуэхэр, нэгъуэщI куэдри, - жилащ Жылагъуэ палатэм хэт ХьэжкIуэн Мурат. - 2005 гъэ лъандэрэ школакIуэхэм я Урысейпсо олимпиадэм и етхуанэ кIэух Iыхьэм ди сабийхэр 12-рэ щыIэкIуащ. НыбжьыщIэ творчествэмкIэ, гъуазджэмкIэ, спортымкIэ екъуIэныгъэфIэхэр диIэми, математикэр зи лъабжьэ щIэныгъэхэмкIэ дыкъыкIэрокIу. ДинэкIэ абы гулыпIэ хэ ха хуэщIыпхъащ.

Къэпсэлъам къыхэзригъэлъэгъуамкIэ, Интернет-технологиехэр къагъэсэбэпурэ, сабий зэчийфIэхэм зэрадзлажьэ инновацIэ Iэмалхэм республикэм жыджэру зыщрагъэужь. «Кенгуру» дунейпсо математикэ джэгуакIэм - 10-нэ классхэм щIэсхэу еджакIуэ мин 12 - 14 хэтщ. 35-р нэгъабэ Урысейм щытекIуащ, 707-р нэхъыфIхэм хабжащ. УрысыбзэмкIэ олимпиадэм ильэс кърес ди еджакIуэ мини 5-м щIигъу хэтщ. Псальэм папщIэ, 2010 гъэм а Урысей зэпеуэм щыкIам ламIуэ 6800-рэ я зэфIэкIыным щепIальэкати, 21-м бжьыпэр щаубыдащ.

Сабий зэчийфIэхэр къахутэн мурадкIэ, 1 - 11-нэ классхэм щIэсхэм папщIэ «Щалэгъуалэм я чемпионат» зыфIащ Iуэхугъуэр ирагъэкIуэкI. Абы еджакIуэ мини 5-м щIигъу къызэщIеубыдэ. Пэ еджэгъуэ кIуам чемпионатым хэта ныбжьыщIэ 77-м федеральнэ мыхьэнэ зиIэ дипломхэр къыхуагъэфащащ (Ставрополь куейм 48-рэ). Хабзэ зэрыхъуэрэ, «Щалэгъуэ. ЩIэныгъэ. ЩIэнхабзэ» жыхуиIэ урысейпсо зэпеуэм республикэм и школакIуэхэр щыжьыджэрщ. Нэгъабэрейм 7-р щытекIуащ, 13-м саугъэт хэхаэр къыратхьащ, пшыкIузыр «ЩIэныгъэм хуач яп лъэбакъуэхэр» Урысейпсо конференцым япэ щыхъащ.

«Абыхэм Урысейр ирогушхуэ» тхыпльым республикэм и ешхыкIэ 37-рэ иратхащ.

- ЕджакIуэхэм щIэныгъэ творчествэмкIэ я федеральнэ центрым етщIыла Iэзгуфыцуныгъэм тету, ди ныбжьыщIэу 150-рэ зыкъ хэмхэм догъакIуэ, сабийхэм щхьэхуэу щадэлажьэ хэщIапIэхэр республикэм и куей пщыкIузым КъБКъУ-м щиIэщ. Абыхэм сайтхэр къащIыхуэзытухащ. А псор хьарзынэщ, ауэ дэ къытпэщытщ «Олимп» дисциплинэм хыхьэ математикэ предметым кууэ зеттыну, абыкIэ хэхъапхъьэ зэпеуэшхуэхэм ди ныбжьыщIэхэр жыджэру хуэдгъэхъэзырыну, - къыхигъэщащ ХьэжкIуэн Мурат.

- Сэ къызолъытэ ди хэкуэгъу, Нобель и саугъэтым и лауреат Геим Андрей и цIэр зезыхьэ физикэ-математикэ еджапIэ къызэрыгъэтхьэу, Ар сэбэпшхуэ зэрыхъунym шэч кьытехьэркъым.

КъБКъУ-м и профессор ХьэжкIуэн Мурат жиIаэмрэ къыхихъхьаХэмрэ зэпкъраха нэужь, ахэр унафэкIэ щIалъэбзыкIэ. ЗэIушIэм къыщызэрагъэпэщащ сабий зэчийфIэхэм зэрадэлажьэ щыкIэр зэкIэлъызыгъэкIуэну комиссэ. Абы и нэхъыжьщ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къэдзэ **Федченко Людмилэ.**

Апхуэдэу республикэм и Жылагъуэ палатэм деж Мыкоммерцэ организацэхэм я совет къыщыщэрагъэпэщащ. Абы хэтщ Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэ 51-рэ.

Советым диныгъащ экстремизмымрэ терроризмымрэ япэщIэтыныныкIэ къагъэувь кьалэнхэм щытепсэлъыхьыну зэхуэсыщхуэ къызэгъэпэщыщ зэрызыкIэм Iэмалыфхэр зэрыщIэнкIэ. Iэмалыфхэр зэрыщIэнкIэ къабзэщ, - жиIэ «Ленар»-м и генеральнэ унафэщI Къанкъуэ Хьэ-Iишэт. - Апхуэдэ Iуэху зезыхьэ пэрытым и фIыгъэкIэ, дэ гукъыдэжьышхуэ яIэу къыддолажьэ къэралым и офталмолог щIэрыIуэ хуэд. Абыхэм махуэ къэс къагъэхъуфIцIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ телыджэ щIэныгъэ - абыхэм дуней пэмрэ нэхур ирагъэлъагъуэ.

Нэ узыфэ щынагъуэм Iэмальщ1эмкIэ еIэзэнымпыщIа япэ операцэхэр, Москва дэт клиникэ щIэрыIуэм, «Нэм и микрохирургие» жыхуаIэм, и дохутырэрэ хэту, зэуэ щекIуэкIащ Налшыкэ «Ленар»-м и къудамэр щылажьэ Псыхуабэ къалэми. Мы зэманым «Ленар»-м и отделыгъуэм щэщIауэ щIыхуэхэр къагъэсэбэп еIэзэнкIэщIэр. Абы къекIуалIэ щIыхуэхэм Iэмал ятIуэтыжх гъащIэм и Iэфыр иджырэ зыхащIэну, абы и пльыфэ псоми я нэкIэ епIэныну.

УЛЬЯНОВЭ Татьянэ.

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

Жэрдэмхэр щыдаIыгъ

РЕСПУБЛИКЭМ и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан** ящыхьлъхьэри, зэжьыхьэм япэу щыIэпкърахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым сабий зэчийфIэхэм зэрыщащэлэажьэ щыкIэр. КъБКъУм и профессор **ХъэжкIуэн Мурат** а Iуэхум теухуа пщалъэхабэ актхэм щытепсэлъыхьым къыхэлъащащ республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм абы и лъэныкъуэкIэ куэд зэрыщIигъэкIыр. КъащIэтэмэ, университетым сабий зэчийфIэхэм я лицей къыщыщIэуахащ, конференцхэмрэ олимпиадэхэмрэ ирагъэкIуэкI, егъэджэныгъэр щрагъэфIакIуэ центрыр мэлажьэ, ныбжьыщIэхэм я зыужьыкIэр къыщэрапльыт щыкIэр яубзыхащ. Мы Iуэхум жыджэру хэ тщ щхьэхуэу щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал Iуэхущ1апIэу 7-рэ мэнципалитетхэм ейуэ 107-рэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым еджакIуэхэм я урысейпсо Iуэгугъуэхэр къыщыщэрагъэпэщ. Апхуэдэщ школакIуэхэм физикэмкIэ я къэралпсо олимпиадэр, автомодель спортымкIэ Урысей зэпеуэр, турист-лъэхэхутэхэм я лагерыр, илъэс кърес зэхашэ щIэныгъэ конференцыр, «Дышэ блэжьыей щыкIу» сабий анимацэ киномэ и дунейпсо фестивальр, Урысейм и еханэ щIалэгъуалэ Дельфийскэ джэгуакIэ хэр, журналист ныбжьыщIэхэм я Урысейпсо телекоммуникацэ олимпиадэр, спорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ урысей, щIыналъэ зэхьэзэхуэхэр, нэгъуэщI куэдри, - жиIащ Жылагъуэ палатэм хэт ХьэжкIуэн Мурат. - 2005 гъэ лъандэрэ школакIуэхэм я Урысейпсо олимпиадэм и етхуанэ кIэух Iыхьэм ди сабийхэр 12-рэ щыIэкIуащ. НыбжьыщIэ творчествэмкIэ, гъуазджэмкIэ, спортымкIэ екъуIэныгъэфIэхэр диIэми, математикэр зи лъабжьэ щIэныгъэхэмкIэ дыкъыкIэрокIу. ДинэкIэ абы гулыпIэ хэ ха хуэщIыпхъащ.

Къэпсэлъам къыхэзригъэлъэгъуамкIэ, Интернет-технологиехэр къагъэсэбэпурэ, сабий зэчийфIэхэм зэрадзлажьэ инновацIэ Iэмалхэм республикэм жыджэру зыщрагъэужь. «Кенгуру» дунейпсо математикэ джэгуакIэм - 10-нэ классхэм щIэсхэу еджакIуэ мин 12 - 14 хэтщ. 35-р нэгъабэ Урысейм щытекIуащ, 707-р нэхъыфIхэм хабжащ. УрысыбзэмкIэ олимпиадэм ильэс кърес ди еджакIуэ мини 5-м щIигъу хэтщ. Псальэм папщIэ, 2010 гъэм а Урысей зэпеуэм щыкIам ламIуэ 6800-рэ я зэфIэкIым щепIальэкати, 21-м бжьыпэр щаубыдащ.

Сабий зэчийфIэхэр къахутэн мурадкIэ, 1 - 11-нэ классхэм щIэсхэм папщIэ «Щалэгъуалэм я чемпионат» зыфIащ Iуэхугъуэр ирагъэкIуэкI. Абы еджакIуэ мини 5-м щIигъу къызэщIеубыдэ. Пэ еджэгъуэ кIуам чемпионатым хэта ныбжьыщIэ 77-м федеральнэ мыхьэнэ зиIэ дипломхэр къыхуагъэфащащ (Ставрополь куейм 48-рэ). Хабзэ зэрыхъуэрэ, «Щалэгъуэ. ЩIэныгъэ. ЩIэнхабзэ» жыхуиIэ урысейпсо зэпеуэм республикэм и школакIуэхэр щыжьыджэрщ. Нэгъабэрейм 7-р щытекIуащ, 13-м саугъэт хэхаэр къыратхьащ, пшыкIузыр «ЩIэныгъэм хуач яп лъэбакъуэхэр» Урысейпсо конференцым япэ щыхъащ.

«Абыхэм Урысейр ирогушхуэ» тхыпльым республикэм и ешхыкIэ 37-рэ иратхащ.

- ЕджакIуэхэм щIэныгъэ творчествэмкIэ я федеральнэ центрым етщIыла Iэзгуфыцуныгъэм тету, ди ныбжьыщIэу 150-рэ зыкъ хэмхэм догъакIуэ, сабийхэм щхьэхуэу щадэлажьэ хэщIапIэхэр республикэм и куей пщыкIузым КъБКъУ-м щиIэщ. Абыхэм сайтхэр къащIыхуэзытухащ. А псор хьарзынэщ, ауэ дэ къытпэщытщ «Олимп» дисциплинэм хыхьэ математикэ предметым кууэ зеттыну, абыкIэ хэхъапхъьэ зэпеуэшхуэхэм ди ныбжьыщIэхэр жыджэру хуэдгъэхъэзырыну, - къыхигъэщащ ХьэжкIуэн Мурат.

- Сэ къызолъытэ ди хэкуэгъу, Нобель и саугъэтым и лауреат Геим Андрей и цIэр зезыхьэ физикэ-математикэ еджапIэ къызэрыгъэтхьэу, Ар сэбэпшхуэ зэрыхъунym шэч кьытехьэркъым.

КъБКъУ-м и профессор ХьэжкIуэн Мурат жиIаэмрэ къыхихъхьаХэмрэ зэпкъраха нэужь, ахэр унафэкIэ щIалъэбзыкIэ. ЗэIушIэм къыщызэрагъэпэщащ сабий зэчийфIэхэм зэрадзлажьэ щыкIэр зэкIэлъызыгъэкIуэну комиссэ. Абы и нэхъыжьщ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къэдзэ **Федченко Людмилэ.**

